# Ûstirtdegi esden shiqqan ba'ndirgi

**Nurbaev Oraz Auelbay uli**
**Kamoliddin Begzod atındaği Milliy súwreshilik hám dizay Institutı Kórkem óner hám ámeliy kórkem o'ner fakulteti "Korkem o'ner estelikleri ha'm arxitekturalıq esteliklerdi ońlaw" bağdarı 1-basqısh magistratura studenti**

*Har qanday shaxs O'zbekiston xalqining tarixiy, ma'naviy va madaniy merosini avaylab asrashga majburdirlar. Madaniyat yodgorliklari davlat muhofazasidadir. (O'zbekiston Respublikasi konstitutsiyasi 49-modda.)*

**Annotatsiya**: Usı maqalada Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵında jaylasqan Beleuli kárwan sarayınıń tariyxı hám arxitekturalıq dúzilisi haqqında sóz etilgen. Arxeologiyalıq izertlewler nátiyjeleri hám onıń qurılıs dáwiri haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Sonday-aq, Beleuli kárwan sarayınıń búgingi jaǵdayı hám onı qásterlep saqlaw zárúrligi de sáwlelendirilgen.
**Gilt so'zleri.** Qaraqalpaqstan, Ústirt platosı, Jipek jolı, Arxitektura, Beleuli, Kárwan saray

Ózbekstan mádeniyatı, Oraylıq Aziya xalıqlarınıń kóp ásirlik dástúrleri hám turmıs tárizi menen tıǵız baylanıslı bay tariyxqa ie. Ullı Jipek jolınıń kesilispesinde jaylasqan Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan aymaǵında kóplegen arxitekturalıq estelikler, áyyemgi qala hám saraylar, sırlı hám siyrek ushırasatuǵın tábiyat estelikleri hám folklor elementleri jaylasqan bolıp, olardıń kópshiligi házirgi waqıtta YUNESKOnıń Pútkil jer júzilik miyrası obektleri tárepinen qorǵaladı.
Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen berli mámlekette tek ǵana esteliklerdi tiklew jumısları arqalı mádeniy miyrastı saqlawǵa emes, al milliy ózine tánlikti bekkemlewge hám jáhán mádeniyatında tán alınıwǵa da úlken itibar qaratılmaqta. Mıń jıllar dawamında, minaralar hám áyyemgi gúmbezler kóplegen qalalardıń vizit qaǵazı, qala kórinisleri, olardıń diniy hám aǵartıwshılıq mekemeleri - meshit hám medreselerdiń gózzal kórinisine aylandı. Ózbekstanda, áyyemgi arxitektorlardıń bul siyrek ushırasatuǵın shiǵarmaları, biybaha mádeniy miyras obektleri sıpatında ayrıqsha statusqa iye boldı hám olar mámlekettiń ayrıqsha qorgawı astında.
Bizge shekem áyyemgi arxitekturanıń bir qansha dúrdanaları, atap aytqanda, kárwan saraylar, mavzoleyler, meshitler hám minaralar saqlanıp qalgan. Reńli mozaikalar, diniy simbollar, abstrakt geometriyalıq naǵıslarda Ózbekstan ha'm Qaraqalpaqstan arxitekturasına tán.
Áyyemnen Ullı Jipek jolı boylap jaylasqan tariyxıy qalalarına iye bolǵan iri mádeniy orınlar qáliplesken Ózbekstan aymaǵında ózine tán wálayatlıq arxitekturalıq mektepleri rawajlanǵan. Atap aytqanda, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń tariyxı xalıqtıń uzaq ótmishi menen tanısıw imkaniyatın beredi. Tiykarınan, oniń izlerin antik dáwir arxitekturalıq

esteliklerinde emes, Topiraq-qala Xorezm civilizaciyasına tiyisli diywaldagi súwretlerinde kóriw múmkin. Qaraqalpaqlar kórkem óneriniń bulaqları Shıǵıs Evropa hám Aziya áyemgi mádeniyatı menen tıǵız baylanıslı. Qaraqalpaqlarda xalıqtıń ózine tán etnikalıq ózgeshelikleri gilem hám keste buyımlarında ayqın sáwlelengen. Olarǵa qońsılas bolǵan xalıqlar arasınan qaraqalpaqlarda kóbirek túrkmen bezewleri menen naǵıslarına jaqınlıq seziledi.

Qaraqalpaqstan aymaǵında antik, orta ásir hám jańa dáwirlerge tiyisli arxitekturalıq estelikler bar. Arxitektura hám tariyxıy esteliklerden 237 dizimge alıngan, olardan 145 arxeologiyalıq, 25 arxitekturalıq hám 67 monumental estelikler esaplanadı. Beruniy rayonındaǵı Sultan Uays Baba (14-ásirler), keshirmes Baba (17- 19-ásirler); Tórtkúl rayonındaǵı Qoy qirilgan qala (18-19-ásirler). Narınjan Baba (12-14-ásirler) kompleksleri, Xojeli rayonındaǵı Mazlumxan Sulu hám Mizdahqan (11-19-ásirler); Qońırat rayonındaǵı Beleuli (XII-XIV ásirler). Dawit Ata mavzoleyi; Moynaq rayonındaǵı Hákim ata mavzoleyi hám qoyımshılıǵı, Ellikqala rayonındaǵı Ayazqala-1 hám Ayazqala-2 (3-8-ásirler), Topıraqqala (3-ásir) eń áhmiyetli estelikler bolıp tabıladı.

Sonıń ishinde, Beleuli kárwan sarayı - Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan mádeniy miyras obekti. Arxeologiyalıq estelik. XII-XIV ásirlerge tiyisli bolip. Házirgi waqıtta Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Qońırat rayonında jaylasqan.

Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniy miyras basqarması operativ basqarıw huqıqı tiykarında. Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń qararı menen 2019-jıl 4-oktyabrde Materiallıq mádeniy miyrastıń kóshpes múlk obektleriniń milliy dizimine kirgizilgen - mámleketlik qorǵawǵa alınǵan.



Kárwan saray - kárwanlar toqtap, qonıp ótetuǵın rabat, saray. Jaqın Shigis, Oraylıq Aziya, Zakavkazye qalaları sawda jolında qurilgan. Kárwan saraylar, ádette, ortada úlken sharbaq, átirapı bir-eki qabatlı ójireler menen qorshalgan, minarali qorgan qorǵaw formasında bolip, sawda mánzillerinde hám qaladaǵı bazarlar qatarına qurilgan. IX-XVIII ásirlerde qalalardıń ósiwi hám kárwan sawdasınıń kúsheyiwi nátiyjesinde kárwan saraylar kóplep qurilgan. Arab sayaxashıları Istaxriy hám ibn Xavqallardıń magliwmatına qaraganda, X ásirde sawda orayı esaplangan Mawarawnnaxrda 10 minnan artıq kárwansaraylar bolgan (Raboti Malik, Doya qatın kárwansarayı, Allaqulixan kárwansarayı). Temir jol hám basqa zamanagóy transport rawajlanıwı nátiyjesinde kárwansaraylar óz áhmiyetin joǵaltqan. Beleuli kárwan sarayı 1 metr qalıńlıqtaǵı diywallar menen qorshalǵan. Diywallar bunnan 30 million jıl aldın bar

bolgan Tetis okeanınan qalgan shayan taslardan qurilgan. Kárwan sarayǵa kirer jerde eni 3,8 metrli dárwaza da bar.

Biyikligi shama menen 8 metr bolgan 2 bagana hám dárwaza saqlap qalingan. Dárwazanıń ark kórinisindegi joqarı bólimi qızıl gerbish penen qaplanǵan, esiklerdiń biyikligi 7,66 metr bolıp, eki arıslannıń barelyef súwreti túsirilgen. Arslanlar oń aldıńǵi ayaqların kóterip, artqı ayaqlarında turgan, úrpeygen quyrıqların artlarına taslagan jagdayda súwretlengen. Házirde arıslanlar súwreti túsirilgen terrakota joq. Aymaq xalqınıń aytıwına qaraǵanda, sırt elli turistler esik aldındaǵı eki arıslan súwreti túsirilgen terrakotalardı qoparıp, ózleri menen alıp ketken. Kárwansaraydıń múyeshleri diametri 3 metrli minaralar menen bekkemlengen. Beleuli kárwansarayı 2 qabatlı, 14 bólmeli, hár qabatına 7 ewden ısıtıw sistemasına ie bolǵan. Kárwansaray kire beris orayında qudiq jaylasqan. (S. P. Tolstov)






Bir waqıtları portal qapınıń aldıngı tárepinde Registandaǵı Sherdar medresesindegidey eki arıslannıń súwreti bolǵan. Biraq búgingi kúnde Beleuliniń "arıslanları" belgisiz jolawshılar tárepinen alıp ketilgen, portal qapınıń joqarǵı bólimindegi arka bolsa qulap túsken.



Kárwan saraydıń tas diywallarında paleografiyalıq jazıwlar, petroglif súwretler bar. Olardı usı jerde qonıp qalǵan jolawshı, sayaxatshı, sawdagerler jazıp qaldırǵan. Olardıń arasında eski latın háripleri menen jazılǵan jazıwlar da bar.

Ustirt platosı, Xorezmnen Volga boyına shekemgi áyyemgi kárwan jolı, Birinshi ret 1946-1950-jılları Sergey Pavlovich Tolstov basshılıǵında SSSR IA Xorezm ekspediciyası tárepinen úyrenilgen. 1982-jılı Qazaqstan esteliklerin joybarlaw hám tiklew komitetiniń

ekspediciyası (basshısı A. Toxtabaev) tárepinen de úyrenilgen. Kárwan saray orta ásirlerde Aral hám Kaspiy teńizleri aralıǵında Ústirt arqalı Sarayshıq qalasınan Xiywaǵa baratuǵın kárwan jolında payda bolǵan.

Sonday-aq, Beleuli kárwansarayı - Qaraqalpaqstan Qıtay hám Batıs Evropanı baylanıstıratuǵın eski sawda jolında jaylasqan tariyxıy imarat bolıp tabıladı. Ol XVIII ásirde qurilgan hám kóp jillar dawamında Qıtaydan júk alıp shigatuǵın sawda kárwanları ushın toqtaw orni bolip xizmet etken. Kárwan jolında júz bergen jedel sawda bul aymaqqa sawdagerler, sanaat hám basqa isbilermenlerdi tartqan. Oǵan tek ǵana átirapındaǵı aymaqlardıń qolaylı klimatı hám ónimdarlı topıraqları emes, al tiykarǵı sawda jolındaǵı strategiyalıq jaylasıwı da sebep bolǵan. Sırt el sawdagerleri bul jerge kelisimler dúziw, bahalardı kelisiw hám tovar almasıw ushın kelgen.

Házirgi waqıtta Beleuli kárwan sarayı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannıń mádeniy miyrası bolıp esaplanadı. Bul tek turistlerdi emes, al Qaraqalpaqstan tariyxı hám mádeniyatın úyreniwshi ilimpazlardı da ózine tartadı. Ol kóp ásirler dawamında gúllep-jasnaǵan ekonomika hám mádeniyat ushın sharayat jaratqan áemgi arxitekturanıń úlgisi bolıp xızmet etedi.

Beleuli kárwan sarayı Ózbekstan hám Qaraqalpaqstannıń mádeniy esteligi bolıp, bul jerde kóp ásirler dawamında rawajlanǵan sawda hám júk tasıw sistemasınıń nátiyjeli ko'rinisinen dárek beredi.

Búgingi kúnde orta ásirdiń ájayıp miyrası Beleuli kárwan-sarayı insaniyattıń mexirine mútáj. Estelikti saqlap qalıw boyınsha qıstawlı ilajlar kórilmese, tábiyat hám adamzat ınjıqlıqları sebepli jáne bir biybaha estelik joq bolıp ketiwi múmkin. Eń tiykarǵı narselerden biri dárwazanıń aldında jaylasqan arıslan súwreti menen súwretlengen terakotlardı kimler alıp ketti yaki (urlap ketti), hám ol házir qay jerde? Qalayda bunday biybaha miyrastı saqlap qalıw hám keleshek áwladqa jetkeriw biziń minnetimiz bolıp esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI

1.S. P. Tolstov. Eski Xarezm ekspedisiyası, 1948.
2. https://uz.wikipedia.org/wiki/Ózbekiston_me'morchiligi.
3. https://society.uz/uz/spec-projects/architecture.
4.https://uz.wikipedia.org/wiki/Qaraqalpaqstan.
5. Qazaq enciklopediyası, Almatı, 2004.
6. Mádeniy miyras agentligi Arxiv bólimi.
7.Wikipedia.uz.
8.Daryo.uz
9. Xabardor.uz.
10. silkadv.com.
11. https://uz.wikipedia.org/wiki/Bileuli_karvonsaroyi.